

Byenveni nan Kindergarten!



Chè Paran,

Ane sa a, pitit ou pral fè eksperyans e aprann sou panse matematik atravè yon varyete aktivite ak pwoblèm ki angaje.

Lèt pou Fanmi an

Konsèp matematik yo òganize nan uit inite etid. Pou chak inite etid, pitit ou pral vini lakay li avèk yon Lèt pou Fanmi an. Lèt Fanmi an pral dekri kontni ki diskite nan inite a, soulinye estrateji espesifik, bay egzanp sou pwoblèm, sigjere liv ki an koneksyon ak inite a, avèk ide sou kòman pou w sipòte ansèyman lakay la.

Paj Resous Matematik Elemantè

Ou pral jwenn aksè tou avèk Paj Resous Matematik Elemantè atravè Seksyon Paran ki sou sitwèb Lekòl Piblik Collier County yo. Nan Paj Resous Matematik Elemantè an ou pral jwenn videyo, atik, Nòm Ansèyman Matematik Florid yo, ansanm ak estrateji ki pou nivo klas elèv yo.

Manyèl Matematik pou Elèv yo

Genyen yon lòt resous matematik ki disponib pou sipòte pitit ou lakay la. Pearson SuccessNet ofri aksè entènèt pou Manyèl Matematik sou Envestigasyon Elèv yo (Investigations Student Math Handbook) (SMH) an Anglè ak/oubyen Espanyòl. Pitit ou kapab itilize SMH pandan ke yo ap fè devwa yo. Resous sa a dekri anpil estrateji ke pitit ou pral itilize nan klas. Epi tou SMH enkli direksyon pou jwèt matematik nou te jwe nan sal klas la. Pou jwenn aksè avèk SMH, swiv etap ki pi ba yo:

1. Antre nan navigatè Entènèt ou
2. Antre URL (adrès sitwèb la) – <http://angel.collierschools.com/default.asp>
3. Yon fwa ou nan ANGEL, itilize enfòmasyon sa yo:
Non itilizatè ou – Nimewo sis-chif ID pitit ou
Modpas – 1
4. Ale nan kote ki di “CCPS Student Links” epi klike sou “Elementary School Student Resources.” Answit, ale nan “Online Resources” epi klike sou “Pearson SuccessNet.”
5. Klike sou manyèl *Investigations Student Math Handbook* pou wè resous la.

Pase yon bòn ane!